



Pwogram Gad Rechèch Forestye



Paran nan Rejyon Palm Beach yo,

Depatman Syans nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach te mete ansanm avèk Òganizasyon R.I.S.E. (Resous pou Ansèyman Syans) pou ofri pitit ou a yon avanti nan aprantisaj ak eksplorasyon y ap sonje pou tout lavi yo! Yon eksperyans inik k ap mennen yo depase fontyè kat mi klas yo a jis rive byen lwen ak fanmi ak zanmi yo .



Inisyativ pasyonan sa a bay pitit ou a opòtinite pou l devni yon gad forestye ofisyèl nan domèn rechèch nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Pou vini yon gad forestye nan Domèn Rechèch Teren, pitit ou a dwe suiv etap ki pi ba yo:

1. Vizite chak òganizasyon ki patisipe nan RISE
2. Ranpli aktivite gad rechèch forestye sou plas
3. Pote livrè paspò a konplè nan ofis distri a pou resevwa sètifika ak kolan ofisyèl gad forestye nan domèn rechèch.

Avanti aprantisaj sa a **GRATIS** pou elèv patisipan yo, sepandan, kèk pak nan eta a ki patisipe egzijè yon ti frè pou antre ki inevitab dapre regleman eta a tabli.

Lè pitit ou a ranpli pwosesis sètifikasyon pou Gad Forestye a, li pral fè eksperyans pwomnad nan nati a, chasè rapas, konsèvasyon, ak yon bann lòt aktivite aprantisaj pratik ki sipòte syans ak dekouvèt resous natirèl Florid ak sistèm ekolojik ki inik. Opòtinite sa a pa gen restriksyon tan epi l disponib pandan tout ane a konsa sa kapab yon bèl aktivite pou fendsemèn, diran ane lekòl oswa yon long avanti d ete.

*Livrè paspò a disponib si w ale nan lyezon pi ba a:
<http://www.palmbeachschools.org/ec/Science/index.asp> epi w kapab jwenn ni tou nan òganizaasyon lekòl ki patisipe yo atravè distri a. Si w gen kesyon oswa konsèn sou pwogram nan, tanpri imèl Tom Salinsky nan thomas.salinsky@palmbeachschools.org. (Gade nan lòt bò a pou plis detay)





ENSTRIKSYON POU ENPRIME:

1. Telekopye dokiman Paspò a epi ouvè l.
2. Seleksyone ikòn Print la epi chwazi preferans “**Print on both sides**” papye a
3. Fè sèten preferans enprimant la sou “**Flip on short edge**” OSWA itilize lòt sètèn konfigirasyon, depann de enprimant la pou asire li enprime kòrèkteman
4. *Enprime kòm imaj nan fòm *landscape front-to-back* avèk tout logo yo anwo sou bò dwat nan chak paj.
5. Avèk paj yo enprime byen ranje youn sou lòt, koupe paj kouvèti a avèk swen omilyè paj la (liy fèt an pwen).
6. Plase kouvèti a omilye anlè mwaye anba a, konpare tout kwen livrè, ansuit pliye.
7. Pliye fèm epi agrafe (2) nan mak la pou dirabilite.

*Note—si konfigirasyon enprimant la bay pwoblèm- enprime/koupe/agrafe pou kreye yon livrè logo.

Lòd li ye a pa pwoblèm. Ou kapab sote otou li jan w vle. Anmize w! ☺

ENSTRIKSYON POU ELÈV:




Livrè Paspò a sèvi kòm yon gid pou ede w jwenn òganizasyon patisipan epi l fè pati Chan Rechèch Gad Forestye fè Fas. Izaj teknoloji modèn, pran direksyon pou chak òganizasyon depi nan lis entènèt ki nan livrè paspò a oswa chwazi pou ale nan avanti konsèvasyon itilize teknoloji mobil ak kowòdone ki nan livrè paspò a. Vizite lis òganizasyon pi ba a epi konplete aktivite ki nan sit yo a. Resevwa tenb ki nan chak sit yo epi **retounen livrè a* ranpli nan ofis FHESC distri nou an, Sal C-223 (26.6493, -80.0941).



Òganizasyon Patisipan nan RISE:

Frè ki Tabli:

FAU/Pine Jog Environmental Center	00.00
Gumbo Limbo Nature Center	00.00
Loggerhead Marinelifelife Center	00.00
River Center-Loxahatchee River District	00.00
Grassy Waters Preserve	00.00
Green Cay Nature Center	00.00
Okeeheelee Nature Center	00.00
Daggerwing Nature Center	00.00
Manatee Lagoon- An FPL Eco-Discovery Center	00.00
Jupiter Inlet Lighthouse Outstanding Natural Area	00.00
Arthur R. Marshall Foundation	\$5.00 pa vwati
John D. MacArthur Beach State Park	\$5.00 pa vwati
Palm Beach Maritime Museum & Academy	Frè pou Peanut Island
Sandoway House Nature Center	Frè pou elèv patisipan (frè adilt)
Lion Country Safari	Frè pou elèv patisipan (frè adilt)
South Florida Science Center and Aquarium	Frè pou elèv patisipan (frè adilt)
Palm Beach Zoo	Frè pou elèv patisipan (frè adilt)



**Mès
Tout
Sipòtè**

*75% oswa plis nan aktivite RISE yo dwe konplete (logo tenbre yo pou resevwa sètifika ak Field Research patch la.